*Умаров Е.К.- Ажинияз атындағы НМПИ, г.и.д. (Нөкис қ.).*

# Прогресс заманы ҳәм Қарақалпақстан

Интеллектуал-инновациялық искерлик тийкарында қәлиплескен жәҳән глобал экономикасы ХХ-әсирдиң ақырларына келип үлкен санлық ҳәм сапалық өзгерислерге ерисип, глобалласыў стадиясына өтти. Олар, Европаның раўажланған еллери ҳәм АҚШ-пен биргеликте экономикалық жарыста жиклесип (группаласқан ҳалда) жыл сайын дүнья жүзинде өндирилетуғын улыўма ишки жалпы өнимниң (ВВП) 67% тин, 7% ке шамаласын өтпели экономикаға ийе еллер (Россия ҳ.т.б.), ал қалған 26% тин дүнья жүзи халқының 70%-тин ийелейтуғын раўажланып киятырған еллер өндиретуғын болды. Көрип турғанымыздай, бугинги күнлерде дунья жузиниң экономикалық потенциалында айырым еллердиң, сондай-ақ группа еллериниң салыстырмалы үлесинде-де үлкен айырмашылықлар пайда болмақта. Өсиў пәти бойынша қалақ еллердиң экономикалық жақтан раўажланған мәмлекетлер менен салыстырғанда олар арасында үлкен парық бар. Олардың қүдиретли еллердиң жыллық экономикалық өсиў пәтин ийелеўи ушын ўақыт бирлиги де созылмақта. Мәселен, Африкадағы Кения мәмлекети АҚШ тың ҳәзирги экономикалық өсиў пәтине теңлесиўи ушын ең кем дегенде 150 жыл керек болар екен. Солай етип, дүнья еллериниң, әсиресе раўажланған еллердиң өндирислик потенциалы бойынша үлкен табысларға ерисиўи дүнья жүзиниң глобалласқан экономикасының қәлиплесиўине ҳәм шөлкемлескен группа еллериниң экономикалық структурасының пайда болыўына жол ашты.

Нәтийжеде XXI әсирге исенимли түрде қәдем қойдық. Усы артықмашлықлар менен қол жеткен үлкен байлықлар Президентимиз атап өткениндей - жаслардың жәмийеттеги тутқан орны, олардың прогресске ерисиўдеги катализаторлық ролин дурыс баҳалай билгенлигимизге байланыслы болды. Усыған сәйкес, XXI әсирдиң раўажланыў концептуал машқалалары «саўатхан жаслар» дың қолына өтти. Жаңа әсирдиң босағасындағы уллы бурылыс илим менен техникадағы прогресске тиккелей байланыслы Себеби,. ХХ әсирдиң 60-жылларында дүнья жүзлик масштабта өзлерин билим-илимге бағышлаған жаслар саны 13 млн. адам болса, бул көрсеткиш 1997-жылы 88 млн. адамға, XXI әсир басларында 100 млн. адамға көбейди.

Дүнья еллери жаслардың саўатханлығын арттырыўда көп қаржы бөлип шығара баслады, саўатлы жасларды тәрбиялаўда тәжирийбе топлаўда айрықша дыққат аўдарылмақта. Сонлықтан, дүньяның бай экономикалық потенциалға ийе еллеринде жаслардың билим алыўына ҳәм тәжирийбе топлаўына айрықша итибар берилмекте. 1980-2005-жыллары дүнья еллериндеги жоқары оқыў орынларында билим алыў менен илим үйрениў ушын талпынған жаслардың саны 920 мыңнан 2 миллионға көбейди. Соннан АҚШ та билим алған жаслардың саны 565 мың адам болса, Уллы Британияда 270 мың, Австралияда 237 мың, Германияда 227 мың, Қытайда 140 мың, Россияда 100 мың адамды қурады.

Жаслардың тәжирийбе топлаўы, билим алыўына тек қуўатлы экономикалық потенциалға ийе еллер емес, дүньяның прогрессив көз-қарастағы көпшилик мәмлекетлери қатнаспақта. Мысалы, АҚШ та оқып

атырған Индиялылар 80,4 мың адам болса, Қытайлылар 62,5 мың адамды қурайды. АҚШ тың 191 мың жаслары басқа еллердиң жоқары оқыў орынларында билим алмақта. Жасларды инновациялық искерликке таярлаў бойынша дүньяның көпшилик еллеринде қаржы бөлип шығарыўдың көлемиде артпақта. Мәселен, Өзбекистанның жыллық бюджетиниң 60% тен асламы билимлендириў, басқа да социаллық тараўларды раўажландырыўға ажыратылса, бул көрсеткиш Израилде миллий байлықтың 4,7% тин ийелейди. Интеллектуал ресурсларды таярлаў, олардың инновациаллық искерликти раўажландырыўға бөлип шығарылып атырған қаржылар студентлердиң көлемли байлық топлаўына мүмкиншилик бермекте. Мәселен, АҚШ тың Массачусет университетинде билим алыўшылар искерлигине сәйкес төрт мың компаниялар дүзилип, қосымша бир млн. адамға жумыс орны жаратылғанына инновациялық искерлик дәўири себеби болып атыр.

Дүнья еллеринде илим-изертлеў жумысларына бөлинген қаржы артпақта. ЮНЕСКО анықлаўынша АҚШ та илимий-изертлеўге, жаңа инновациялық технологияларды ойлап табыў мәселелерине бөлинген қаржы көлеми 330 млрд. доллар болса, Қытайда - 136 млрд. долларды, Японияда 130 млрд. долларды, «Евро зонасындағы» еллерде 230 млрд. долларды қурамақта. Солай етип, бизиң дәўиримизде дүнья еллериниң геоэкономикалық кеңисликти ийелеўи менен оны ғәзине менен толтырыў бойынша ҳәрекетлери бир тәрептен дүнья жүзи халықларына дослықта жасау традицияларын «турмыс мәканын» қурыўға саўатлылық идеологиясын усынса, геоэкономиикалық кеңислик шеңберинде бул нормаларға кери тәсир ететуғын глобалласыў тенденциялары менен бәсекелесиў ҳәрекетлери-де шийелениспекте.

Дүнья жүзилик глобаль экономикасы структурасында қәлиплескен ири-ири өндирислик корпорациялар қүдиретли трансконтиненталлық статусқа ийе болып, олар өз қурамына киретуғын фирмалар ҳәм экономикалық шөлкемлер (ЭС, АСЕАН, НИОКР, СУАР ҳ.т.б) есабынан кеңеймекте. Дүнья еллерин қамтыған бул бәсекиде АҚШ ҳәм Европаның раўажланған еллери менен бир қатарда Түслик-Шығыс Азия еллеринде жаңа технология ҳәм арзан жумысшы күшине ийе жетекши еллер өсип қәлиплеспекте. Олар қатарына Қытай ҳәм Хиндистан мәмлекетлерин атаўға болады. Солай етип, жәҳән глобаллык экономикасының узелинде үш орай-«Түслик-Шығыс Азия, Европа ҳәм Арқа Америка» қәлиплести. Булардың (Азия) үлесине XXI-әсирдиң дәслепки он жыллығындағы мағлыўмат бойынша дүнья жүзи бойынша телевизорлар ислеп шығарыўдың 67%-и, аудио ҳәм видео техника өнимлериниң 90%-и, ислеп шығарылған мотоцикллердиң 90%-и, мобиль телефон аппаратларының 70%-и, санаатқа керекли станоклардың 47,6%-и туўра келди. Қытай ҳәм Хиндистан «жәҳән тоқымашылық цехы» деген атқа ийе болды. Экспертлердиң жобалаў мағлыўматларына қарағанда жақын жылларда дүнья жүзлик таярланған ишки жалпы өнимниң Туслик-шығыс Азия еллери, Россия федерациясы, Қубла Африка Республикасы, яки жаңа ғана қәлиплескен экономикалық шөлкем жетекшилик ролди атқарып, олар улыўма өниминиң 42%-ин ислеп шығарыўы мумкин.

Усындай шараятта дүнья жүзилик глобал экономикада жетекшилердиң алмасыўына, сондай-ақ жәҳән саўда сатық базарын либерализациялаўға

байланыслы раўажланған еллер арасындағы исеним рычагларын күшейтиў ҳәм дүнья жүзлик хожалықты интеграциялаў жолы менен өндирис процессинде информациялық ҳәм коммуникациялық технологиялардан үзликсиз пайдаланыў мәселелери ҳәзирги заманның баслы ўазыйпасы есапланады. Мине усыған сәйкес, Япония фирмалары АСЕАН еллеринде экспорт орайларын дүзиў жолы менен еркин саўда шәртнамаларын дүзсе, ал ТНК жергиликли наў-хаў жетекшилери менен бәсекини күшейте отырып өзиниң артықмашылығына ериспекте. Нәтийжеде, конкурентлер арасындағы пайда болған күшли қарама-қарсылықлар дүнья жүзлик глобал экономиканың барлық сферасын өз ишине қамтымақта. Бәсеки тийкарында дүнья жүзилик автомобиль базарының японлар 1/3 ин ийелеп, дүнья жүзиниң автомобиль базарында Американың даңқлы - үлкен үшлик (GENERAL MOTORS, FORD, CHRYSLER) деп аталған компанияларының үлесин 78%-тен 58%-ке қысқартты ҳәм усы компанияларға тийисли 100 мың адам ислейтуғын 30 заводтың жабылыўына себепши болды. Күшли конкуренциялар дүнья жүзи мебель, аяқ-кийим ҳәм басқа да компанияларда жүз бермекте. Усындай кризислик шараятта Қытай өз товарларының баҳасын 28% ке қысқартып, дүнья жүзи базарына шығаратуғын аяқ кийимлериниң көлемин 60 % ке арттырыўға ерискен. Европа базарын арзан баҳадағы Қытай аяқ-кийим ислеп шығаратуғын компанияларының ийелеўи, бириншиден, Италия ҳәм басқа да Европа еллери менен бәсекени күшейтсе, екиншиден, 900 мың адам жумыс ислейтуғын Европаның аяқ кийим санааты жабылыў алдында. Солай етип, Қытайдың жеңил санаат тараўлары Италияның 60% тей саўда базарын ийелесе, ал Азияның автомобиль санааты Европа базарының жетекшисине айланбақта.

Қытай товарларының дүнья жүзилик базарды ийелеў ҳәрекетине Европа еллериде қарсы шықпақта. Олар Трансконтинентал коорпорациялардың филиаллары арқалы Қытай ҳәм Хиндистан базарларына өним шығарып, жаңа саўда базарын ийелеўге урынбақта. Көрип турғанымыздай раўажланған еллердиң арасында жаңа базарларды ийелеў ҳәм оларды экспонциялаў бойынша ҳақыйқый бәсеки басланбақта. Дүнья жүзи глобал экономикасы шараятында мәмлекетлер ҳәм айырым регионлар арасындағы бәсекилер жыллар даўамында күн санап ҳәўиж алмақта ҳәм олардың ***дүнья жүзилик базарды ийелеп***, ямаса ***доллар менен евро, ямаса иен менен юан арасындағы тең салмақлықты өзгертиў бойынша ҳәрекетлери дүнья жүзилик финанс системасындағы кризистиң себепшиси деп атасақта болады***. Мине усындай жағдайда дүнья еллери, әсиресе демократиялық раўажланыў жолын таңлап дүнья базарына шығыў иләжларын ислеп атырған мәмлекетлер айрықша экономикалық сиясат ҳәм исенимли саўда-сатық, экономикалық байланысларға ийе болыўы зәрүр.

Усыған байланыслы дүнья жүзиниң базар сигментин үйрениў, еллер арасындағы конкурентлик ҳәрекетлер ҳәм бул сиясатта сыналған аўқамласты табыў ҳәм оған сүйениў үлкен әҳмийетке ийе. Орта Азиялықлар ушын ең сыналған шериклер Қытай Халық Республикасы болыўы мүмкин. Себеби Қытай географиялық жақтан ең жақын қоңсы, сондай-ақ Қытайдың жәҳәнниң глобаллық экономикадағы позициясы Россия Федарациясы ҳәм Орайлық Азия еллери ушында дыққатқа ылайық. Мысалы, 1979-1996-жылларда Қытайда жалпы өнимге салыстырғанда мәмлекетлик шығынлардың ставкасын 36% тен 13% ке шекем

қысқартыў жолы менен-ақ ЖИӨ-ниң жыллық өсимин 9,6% ке жоқарылатыўға мумкиншик таярлаған. Усыған байланыслы кейинги 17 жыл ишинде Қытайда ЖИӨ-ниң көлеми 5 мәртеге, ал мәмлекетлик жумсалған қаржының абсолют көлемин еки есеге артқанлығын көрсетеди.

Бәсеки шараятында ҳәр бир мәмлекет. сондай-ақ бизиң елимизде-де халықтың жасаў шәраятын жақсылаў ушын Президентимиз тәрепинен ислеп шығылған структура сиясаты тийкарында өндиристе диверсификация процессин күшейтиў арқалы экономикада структуралық жаңалаўды ҳәм илимге тийкарланған хожалық тараўларын раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте ҳ.т.б. Мине, усындай шәраятта еллер арасындағы жарыстың түрлери өзгермекте, глобаллык экономикада қәлиплескен еллер топары, олардың классификациясы, сондай-ақ олардың гегемонлық сиясатында да өзгерислер жүз бермекте. Мәселен, ХХ-әсирдиң ақырына келип жәҳән глобалласқан экономикасында жоқары раўажланған «жетилик еллер топары», кейинирек «сегизлик» еллери деген түсиниклер қәлиплессе, ал ҳәзирги дәўирде дүнья жүзилик экономикалық жарыста дүнья еллери ҳәм оның регионларының тутқан роли кескин күшеймекте. Экономикалық жарыс мапазында ***Түслик-Шығыс Азия еллери. Батыс Европа ҳәм Арқа Америка деген көзқараслар экономикалық лексиконнан*** орын алған.

Қәлиплескен интеллектуал- инновациялық искерлик ҳәм экономикалық потенциалға ийе болған Қытай, арзан жумысшы күши базасында 2004-жыллардың өзинде-ақ дүнья базарына 180 млрд. доллар көлеминде, (АҚШ-149 млрд.) арзан информациалық технология өнимлерин шығарып лидерликти ийелесе, Азияның айрым еллери Хиндстан, Қубла Корея республикасы, Сингапур, Тайван) өзлериниң дүнья жүзи экономикасындағы позициясын арттырмақта. Мине усындай шараятта, еллер ямаса үлкен регионлар көлеминде глобаллық экономиканың потенциалы беккемленип атырған бир жағдайда, дүнья еллери ҳәм ***оның регионларының тутқан роли кескин күшейе баслады.***

Халықаралық ***экономикалық байланыстағы қурамаласқан мәселелерди иске асырыўда Өзбекстанның ҳәм оның ири регионларының бири Қарақалпақстанның тутқан ролиде артпақта*** ҳәм саўда-сатық жумысларда жоқары көрсеткишлерге ериспекте. Бүгинги күнлерде Өзбекистан Республикасында сыртқы экономикалық байланысларды раўажландырыў ҳәм оның нәтижелилигин арттырыў ушын үлкен жумыслар иске асырылмақта. Ҳәзир республика дүньяның 140тан аслам мәмлекетлери менен саўда-сатық жумысларын иске асырып, олар қатарына Уллы Британия, АКШ, Германия, Швейцария, Туркия, Нидерландия, Бельгия, Франция, Италия ҳәм т.б. еллер менен байланыс мәселелери киреди. Ғәрезсиз еллерменен саўда-сатық ҳәм экономикалық байланыста Россия, Орайлық Азия республикалары, Украйна, Қазахстан ҳәм Шығыс Европа еллери менен қатнас күшейтилди. Усыған сәйкес Өзбекистанның сыртқы саўда айланысы жоқарыламақта. Мысалы 1995-жылларда Озбекстанның сыртқы саўда обороты 6 млрд. 612,6 млн. АҚШ долларын қураса, ал 2010-жылғы мағлыўмат бойынша республиканың сыртқы саўда айланысы 21,8 млрд. долларға көбейе баслады. Көрсетилген жыллар ишинде елимиздиң экспорт бойынша обороты импортқа салыстырғанда 5,2 млрд.

долларға артты, бул ***базель көрсеткишлери*** тийкарында актив саўда айланысын иске асырыўға мүмкиншилик бермекте.

Өзбекстан Ҳүкимети Президент көрсетпелерин басшылыққа ала отырып, миллий экономиканы раўажландырыў, уллы жибек жолының қурылысын питкериўди жеделлестириў, сондай-ақ дуньяның айырым жоқары экономикалық потенциалға ийе еллери менен саўда-экономикалық байланысларды беккемлеў ҳәм инвестиция ажыратыў мәселелерине айрықша дыққат аўдармақта. Усыған сайкес Өзбекстанның Қубла Корея, Малайзия, Сингапур, Япония, Китай, Россия ҳәм Европа еллери менен саўда экономикалық байланыслары, сондай-ақ инвестиция ажыратыў мәселелери жоқарыламақта. Тийкарғы директив көрсетпелерди басшылыққа алып, алдағы ўақытларда дүнья жүзилик финанс дағдарысының қайта тәкрарланыўы ҳәм оның кери тәсирин жумсартыў мақсетинде Өзбекстанда инвестициялық бурылыс жасаў ушын ҳүкимет тәрепинен ислеп шығылған иләжлар тийкарында республика экономикасын модернизациялаўға, экономикалық реформаларды тереңлестириў жолы менен жәмийетти жаңалаўға өтиў, өндирис тараўларында структура сиясатын басқышпа-басқыш ис жүзине асырыўға айрықша итибар берилмекте. Усыған сәйкес Өзбекстан Республикасы көлеминде келешекте 24 млрд. доллар көлеминдеги инвестициялардан пайдаланыў ушын 300 ден артық инвестиция жойбарлары ислеп шығылды. Усының 18,5 млрд. доллары жаңа қурылысларды иске асырыў, ал 6 млрд. доллар көлеминдеги қаржылар экономика тараўларын модернизациялаў, реконструкциялаў, техникалық ҳәм технологиялық бурылысларды иске асырыў ушын жумсаў нәзерде тутылмақта. Экономика тараўларын қаржыландырыў ушын сырт ел қарежетлери есабынан 13,5 млрд. доллар көлеминде инвестиция ҳәм кредит алыў жобаластырылған. Жойбарға сәйкес жәҳән базары талапларын есапқа алған ҳалда Өзбекстанда товар ислеп шығарыўды тәмийинлеў мақсетинде жылына 10,4 млрд. доллар көлеминде өним ислеп шығарылатуғын болады. Бул, бириншиден елимиздиң экспортлық потенциалын күшейтиўге мүмкиншилик берсе, екиншиден экономикалық байланысларда күшли бурылыс жасаўға, елимиздиң экспортлық потенциалын беккемлеўге, бәриненде бурын халықты жумыс пенен тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе.

Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстан Республикасыда көп ғана аймақлар менен район аралық ҳәм мәмлекетлер ара экономикалық байланысларды иске асыра баслады ҳәм жыл сайын көп муғдарда пахта, пиле, қаракөл териси, дүз өнимлерин, жүн, овощ, бақша ҳәм т.б. өнимлерди шетке шығаратуғын болды. Уллы ***жипек жолының*** Өзбекстан Республикасы территориясындағы учаскаларды қайта тиклеў мақсетинде көлемли жол қурылыс ислери даўам етпекте. Гузар-Бухара-Нөкис-Бейнеў автомагистралының Қарақалпақстан аймағындағы 132 километрлик бөлими реконструкцияланбақта ҳәм бул қурылысларды иске асырыў ушын 193 млрд. сум көлеминде жумыслар иске асырылып атыр. Бул жоллардың иске түсиўи Өзбекстанның геоэкономикалық стратегиясына сәйкес мәмлекетимиз маштабында еркин жүк ҳәм жолаўшы айналысының тәмийинлеўге мүмкиншилик туўдырмақта. Усыған сәйкес 2012-жылда Қарақалпақстанның барлық транспорт тармақлары бойынша 678,5 млн.

тонна/километр жүк айналысы ҳәм 1 млрд. 968,9 млн. жолаўшы/километр жолаўшы айналысы тәмийинленди. Үлкен халық хожалығы әҳмийетине ийе ***Нөкис-Қоңырат-Үстирт-Ақшолақ(Сургиль)–Арқа Үрге(Мойнақ),Нөкис-Шымбай-Кусханатаў жөнелисиндеги, сондай-ақ*** Қызылқумның жер асты байлықларын өзлестириў ҳәм жайлаўларынан мал шаруашылығында нәтийжели пайдаланыў ушын ***Шымбай-Тахтакөпир-Томарастаў (жаңа дәрияның Қарақалпақстанға тийисли аймақлары) бағдарындағы автомобиль ҳәм темир жол шақабларын қурыў мақсетке муўапық келеди.***

Сыртқы экономикалық қатнасықларда Өзбекстан ҳүкимети тәрепинен жүргизилген анық еркин сиясат Қарақалпақстанның саўда экономикалық байланысларының жәнеде раўажланыўына мумкиншилик туўдырмақта. Ҳәзирги дәуирде Қарақалпақстанның экономикалық раўажланыўын тезлетиў мақсетинде оның ҒМДА еллери, Европаның раўажланған мәмлекетлери менен экономикалық байланыслары жоқарыламакта. Нәтийжеде республиканың ***сыртқы саўда айналысындағы обороты 214,4 млн. АҚШ долларын қурады, Усының 114 млн. доллары экспорт айналысына туўра келсе, ал импортлық алынған затлардың көлеми 100,4 млн долларға барабар, яки Карақалпақстанда да сыртқы экономикалық байланыста актив саўда–сатық сальдосы сезилмекте.*** Мәселен, Үлкемизде Испания, Россия, Туркия, Италия, Германия ҳәм басқада мәмлекетлер менен дүзилген инвестициялық шәртнамалары көп санлы қоспа карханаларды шөлкемлестириўге жол ашса, ал үлкемизден Испанияға ҳәм Чехияға шығарылған пахта мамығы «алтын медал» менен сыйлықланды. Солай етип, Қарақалпақстан Республикасы ғәрезсизлик жылларда районлараралық ҳәм халықаралық экономикалық байланысларды иске асырыўда структура саясаты тийкарында хожалық тараўларын реформаластырыў мәселелерин иске асырмақта. Бул өз гезегинде республика халқын тутыныў товарлары менен ҳәм санаат тараўларын үскенелер менен тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе. Тек ***кейинги 2010-2012 жыллар ишинде Карақалпқстанда аймақлық жалпы ишки өнимниң көлеми 2010 жылғы 1 трлн. 389,8 млрд. сумнан 2 трлн. 242,5 млрд сумға яки 161 % ке артты. Хожалық тараўларын инвестиция менен тәмийинлеўдиң көлеми 1 трлн. 245,1 млрд. сумды қурады, бул өткен 2010 жыл менен салыстырғанда 2,5 есе көп деген сөз.*** Солай етип. халық хожалығы тараўларын тийкарғы капитал менен тәмийинлеў елимиздиң индустриал бағдарда раўажланыўына ҳәм материаллық өндирис тараўларында сыпатлы өзгерислердиң қәлиплесиўине мумкиншилик беретүғыны сөзсиз.

Италиядан алып келтирилген үскенелер тийкарында биринши гезектеги қуўатлылығы жылына 20 млн. дана шийше ыдысларын таярлаўға тийисли Хожели стеклотар заводы, Нөкис гербиш заводы пайдаланыўға берилди. Келешекте Қарақаопақстанды индустриал бағдарда раўажландырыў ҳәм экологиялық дағдарыс тенденцияларын босаңластырыў мақсетинде халық хожалығы тараўларының инфраструктурасына үлкен өзгерислер қиргизилмекте. Үстирттиң көлемли шийки зат ресурсларына тийкарланып Қоңырат газ өнимлерин өндиретуғын кәрханаға қараслы «Үрге» газ конденциатын санаатлық усылда қайта ислеп шығаратуғын кәрхана иске түсирилди. Халық тутыныў товарларын таярлайтуғын «Нукус текстил», «Турткул текстил», «Ориент

технолоджи» қусаған пахта, пилле, қизилмия өсимлик майын ислеп шығаратуғын қоспа карханалар, сондай-ақ Мойнақ районында «Қазақдәрья» атлы тутүныў товарларын таярлайтуғын орайлар ашылды. Мийўе консерваларынан өним ислеп шығаратуғын кәрханалар реконструкцияланды ҳәм бир қанша мини цехлар иске түсирилди. Қарақалпақ қурылыс материаллары акционерлик жәмийетине қараслы бирлеспеде жылына 60 мың м.кв жокары сапалы мрамор блокларын ҳәм плиталарын таярлайтуғын мрамор цехы *пайдаланыўға берилди*. ***Ғәрезсизлик жылларында Кунгырат районында жылына 100 мың тонна кальцийленген сода ислеп шығаратуғын Қоңырат сода заводы иске түсирилип Қарақалпақстан Республикасының экономикалық потенциалы кушейе баслады***. Заманагой технологиялар тийкарында Өзбекстан-Кипр қоспа кәрханасы Нөкис қаласында иске түсирилип, жылына 300 мың дана қара мал терисин қайта ислеп шығара баслады. Ҳәзир бул кәрхана қысқа ўақыт ишинде 500 мың АҚШ доллары көлеминде өним ислеп шығарып, таяр өнимлерди Россия, Туркия, Италия қусаған еллерге экспорт қылына баслады, сондай-ақ Қараөзекте жыллық қуаты 1 млн.тонна цемент ислеп шығаратуғын Өзбекстан-АҚШ қоспа карханасының қурылысы даўам еттирилмекте.

Алдағы ўақытта Үстирт аймағынан табылған нефть, газ байлықлары тийкарында ***Қубла Корея ҳәм Өзбекстан Республикасы ортасында дүзилген шартнамаға сәйкес жылына 400 мың тонна полиэтилен. 100 мың тонна пропилен өнимлерин таярлайтуғын Сургиль (Ақшолақ) газ-химия санааты комплекси***, Қаратаў-темир рудасы, реңли металлары, Барсакелмес ҳәм Қараўымбет дуз кәнлери, Арал акваториясында жайласқан Қоңыр көмир, газ конденсатлары, сондай-ақ Әмиўдәрья алабы ҳәм Арал бойларындағы запасы жүдә сийрек ушырайтуғын бром, рубидий, цезий, цирконий. литий ҳәм тағы басқа суйық элементлерден дүзилген байлықлар базасында перспективалы санаат орайлары ҳәм өндирислик-территориялық комплекслердиң пайда болатуғыны сөзсиз. Келешекте Арқа - батыс Өзбекистан масштабындағы үлкен көлемдеги хожалық жумыслары Қызылқум аймағында иске асырылатуғын болады. Бәршеге мәлим, 2000-2001 жыллардағы экологиялық дағдарыс шараятында *Тақтакөпирли атақлы исбилермен Төреахмет Палманов* артезиан қудықларының суў дереклеринен өнимли пайдаланыў жолы менен-ақ Томарастаў аймағында киши суўғарыў тизими тийкарында бақша, от-шөп ҳәм т.б. егинлерди егип шөлкемлестириў үқыбын көрсетти. Бәриненде абзаллысы, елимиздиң таўсылмас байлықларын қастерлей отырып, биришниден қосымша аўыл хожалығы өимлери дерегин тапса, ал *Сейтназаров С. ҳәм т.б. азаматлар район ҳәкиминиң тиккелей басшылығы* менен Каратереӊ суў айдыны базасында пахта егип жыл ақырында 3 мың тоннадан аслам пахта асылын жыйнап суў таңқыслығы ўақтында адамларды жумыс пенен тәмийинлеўге еристи. Булардың қиын экологиялық шараяттағы мәртлигин жоқары баҳалап Президентимиз жыл жуўмағында олардың исшеңлигине алғыс айтқан еди. Солай етип, елимиз байлығының қәдир-қымбатын қәстерлейтуғын ҳәм бизнести пухталық пенен иске асырыўдың көзин тапқан азаматларды глобалласыў дәўириниң шебер исбилерменлери деп есаплаўға болады.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәзирги дәўирде қәлиплескен дүнья жүзилик глобал экономика дәўир талабы. Илим ҳәм техникадағы прогресс инновациялық технология аркалы дүнья жүзилик экономиканың фундаментин беккемлеў менен бир қатарда, оны сыпатлы өзгерислер менен де байытпақта. Егер бурынларда дүнья жүзи экономикасы ҳаққында тек оның өсиў пәти туўралы сөз жүритсек, ал ҳәзир оның қурамында инновациялық искерлик нәтижесинде пайда болған илим ҳәм технологиядағы ең жаңа дәстүр, структуралық дүзилислер, сондай-ақ қәделер тийкарында экономикалық рауажланыўдың жаңа басқышларына көтерилген жәҳанниң глобалласқан экономикасы ҳәм интеллектуал потенциалы ҳаққында көз-қараслар, пикирлер айтыў ҳақыйқатлыққа айланбақта. Дүнья жүзилик бул прогресте бизиң еллеримиздиңде жоқарғы шеклерге ерисетуғынына гуман жоқ.

**Әдебиятлар**


**1. Каримов И.А. «Жаҳон молиявий ва иқтисодий инқирози Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари» Т., «Ўзбекистон» 2009 й.**

**2. Вашкин Н.П., Мунтян М.А., Урсул А.Д. Глобализация и устойчивое развитие – М.: МГУК, 2002-585 с**

**4.Интеллектуальные ресурсы нации: краеугольный камен развития экономики (Материалы дискуссионного клуба). Казахстанский общественно-политический Журнал, «Байтерек»- № 5 (32), Алматы., стр.12-23.**

**4.Умаров Е.К., Умарова А. Жәҳән глобал экономикасы: раўажланыў өзгешеликлери, дисспропорциялар ҳәм кризис ситуациялары. –Нөкис, 2009.**

**5. Статистический ежегодник регионов Узбекистана. Ташкент – 2012**



**Резюме**

**В статье рассматривается особенность глобализации мировой экономики и обострения конкурентной борьбы между ведущими мировыми державами в контексте ускорения экономического роста нашей страны на основе интеграции и взаимовыгодного сотрудничества со странами различными уровнями экономического развития.**